



Cò ponpye, Vil New York EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

Michael R. Bloomberg, Mè
Salvatore J. Cassano, Komisyonè Ponpye

FIMEN SEKIRITE KONT INSANDI

Lis pou tcheke sekirite fimè

Si oumenm oswa lòt moun
lakay ou fimèn, sekirize
lakay ou plis:

- ✓ Sèvi ak sandriye ki fon, verifye yo souvan.
- ✓ Apre ou finn resevwa moun lakay ou toujou gade anwo, nan mitan ak anba kousin ak mèb ki boure, epi nan poubèl pou gade si gen poy sigarèt ki ka ap brile.
- ✓ Mouye poy sigarèt yo byen ak dlo anvan ou voye yo jete.
- ✓ Pa fimèn nan kabann oswa lè ou kouche, sitou si tèt ou ap vire, oswa w ap pran medikaman, oswa ou tap bwè alkòl.
- ✓ Mete plis alam pou lafimen lakay ou, espesyalman kalite ki **photoelectric la**, se sou li ou ka konte pi plis pou dife ki ka ap pran akòz dife k ap konsonmen.

Plis moun mouri nan dife ki pran akòz bagay yo sèvi pou fimèn ke yo voye jete ak neglijan, tankou poy sigarèt, sann sigarèt, ke nan tout lòt kalite dife nan kay. **Dife ki pran akòz materièl pou fimèn mijote souvan, de fwa pandan plizyè è de tan anvan premye flann nan kòmanse.** Pou pi fò moun ki mouri nan dife kay ki pran akòz bagay yo sèvi pou fimèn li te pli difisil pou yo te sove, paske yo tap dòmi. Materièl ki pli kouran e ki premye ap pran dife se matla ak dra, apre sa se poubèl et mèb ki boure.

Plis yon moun ap granmoun plis li ogmante risk pou li mouri nan dife ki pran nan kay akòz materiel yo sèvi pou fimèn.

Plis ke 40 % victim dife mòtel ki pran akòz materiel yo sèvi pou fimèn, te gen 65 an, oswa te pi granmoun, an konparezon ak 13% pòsyon pa yo nan popilasyon an.

Moun ki fimèn gen sèt fwa plis chans pou dife pran lakay yo ke moun ki pa fimèn.

Si ou fimèn, pran extra prekasyon pou asire sekirite w ak sekirite fanmi w.

BAGAY YO SÈVI POU FIMÈN KE YO PA VEYE = DANJE DIFE



ALIMÈT BIKÈ AK TIMOUN.

Alimèt ak brikè atire timoun. Ki fè ke yo se on pi gwo risk pou mete dife.

- Mete alimèt ak brikè on kote ki wo e on kote timoun pa ka rive.
- Lè moun ki fimèn vinn wè w, mande yo pou yo kinbe materièl yo sèvi pou yo fimèn ak yo, konsa timoun piti paka manyen yo.



ALAM POU LAFIMÈN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMÈN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

**FD
NY**

MISYON NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865

